

MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

DE: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ Kontribisyon pou Apwobasyon

DAT 16 Mas 2022

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat 16 Mas 2022. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston yo

komite lekòl Boston

vil Boston

Doktè Brenda Cassellius, Sipè-entandan

Jeri Robinson, Prezidan

Michelle Wu, Majistra



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

16 Mas 2022

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estat	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
\$ 71,624	2022	Edikasyon pou Adilt – Alfabetizasyon Familyal	Ogmante	Kristen D’Avolio	Fòmasyon pou Granmoun	Madison Park Adult Ed Center
\$ 9,100	2022	Devlopman ak Aplikasyon My CAP (My CAP Development & Implementation)	Ogmante	Catherine Chiu	Lakin nan Reyisit	6 Sit
\$ 82,855	2022	Fon Ranbousman pou Depans Administratif nan Nivo Lokal EBT	Nouvo	Eric Stevens	Depans Administratif	Sèvis Alimantè ak Nitrisyon (Food and Nutrition Services)
\$ 437,500	2022	Sibvansyon pou Planifye Inisyativ pou Aprantisaj Sosyo-emosyonèl nan Anviwònman Lekòl la ak Andeyò Anviwònman Lekòl la	Kontini	Ali Ettis	Aprantisaj Sosyo-emosyonèl:	14 Sit
\$ 81,680	2022	Sibvansyon an Patenarya pou aprantisaj Adistans soti Pre-k rive Klas 3yèm Ane	Nouvo	Jason Sachs	Aprantisaj nan Pre K	4 Sit ak 18 Pwogram
\$ 25,000	2022	Sibvansyon Distri MCIEA	Nouvo	Sarah Jay	Evalyasyon Pèfòmans	Nan Tout Distri a
\$707,759		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS22638

Non Sibvansyon: Edikasyon pou Adilt – Alfabetizasyon Familyal
Estati: Nouvo, Ane 4 sou 4
Tip Sibvansyon: Konpetitif
Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/09/2021 rive 30/08/2022
Sous Finansman: Federal

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Paula Jurigian, Espesyalis Pwogram nan
W 781-338-3837
paula.jurigian@doe.mass.edu

Sèvis pou Edikasyon Adilt ak Kominote (Adult and Community Learning Services)
Depatman ESE
75 Pleasant Street
Malden, MA 02148

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Ministè Edikasyon pou Adilt

Jesyonè Fon BPS: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

\$569,950 Montan Inisyal yo Akòde
\$ 71,624 Ogmantasyon Montan
\$641,574 Nouvo Montan yo Akòde

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$2,366,512

Opsyon pou Repò a: Non

Apwoksimasyon sou Kantite Elèv: 148 elèv: 65 ESOL ak 70 ABE/ASE ansam ak 13 lekòl kilinè siperyè)

Sit: Depatman Edikasyon pou Adilt/Boston Central Adult High School ki nan Konplèks Bilding Madison Park
Technical/Vocational High School la

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: OpenAirBoston, , Adult Literacy Initiative Masshire, New England Aquarium, Zoo New England,
Museum of Fine Arts, Biwo Majistra pou Devlopman Mendèv

Deskripsyon Sibvansyon

Nan kad Pwogram Literasi Fanmi Edikasyon pou Adilt BPS, sibvansyon sa founi yon edikasyon debaz adilt, lekòl segondè ak kou ESOL yo pou paran Lekòl Piblik Boston yo pou soutni devlopman akademik, ekonomik, ak sivik pa yo nan objektif pou yo kapab apre sa soutni aprantisaj pitit pa yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Sibvansyon an pral sèvi pou peye pwofesè ki travay atan pasyèl nan lasware ak lajounen, yon Konseye Akademik, yon Direktè pwogram Lekòl Segondè yo, yon espesyalis pou sipò elèv, frè jeneral, ansanm ak depans endirèk yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Revalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1:¹ Pandan Ane Fiskal 2021 an, 51% nan elèv adilt ki enskri nan ESOL yo pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab. jan sa mezire nan BestPLUS ak TABE Class-E. **Endikatè:** Nòt tè pou Ane Fiskal 2022 a.

Objektif #2: Pandan Ane Fiskal 2021 an, 39% nan elèv ki enskri nan edikasyon debaz pou adilt yo pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab. jan sa mezire nan BestPLUS ak TABE Class-E. **Endikatè:** Nòt tè pou Ane Fiskal 2022 a.

Objektif #3: Pandan Ane Fiskal 2021 an, 42% nan elèv adilt ki enskri nan ASE yo pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab. jan sa mezire nan MAPT. **Endikatè:** Nòt tè pou Ane Fiskal 2022 a.

Objektif #4: Pandan Ane Fiskal 2022 a, 90% nan elèv ki nan domèn kwizin yo pral resevwa sètifika Servface yo epi y ap swiv 75 èdtan fòmasyon sou kwizin. **Endikatè:** Nòt tè pou Ane Fiskal 2022 a.

Aliyman Plan Estratejik

Objektif sa yo lye ak Objektif Estratejik Nimewo En BPS la: Elimine Lakin nan Opòtinite ak Reysisit. Nan ede rezidan adilt Boston yo resevwa diplòm lekòl segondè yo oswa nan ede yo aprann Anglè, Edikasyon pou Adilt BPS la desèvi elèv ki gen anpil talan yo ki te sibi enpak obstak sosyal, obstak ki alafwa sistematik e sosyal, ansanm ak rasis nan lekòl la ak andeyò lekòl la.

¹ Se DESE ACLS ki fikse objektif sa yo sou baz done federal NRS yo pou elèv adilt yo toupatou nan peyi a.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22670

Non Sibvansyon: MyCAP Development and Implementation - FC434

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Eta

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/07/2021 - 31/08/2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Lisa Harney
Adrès: Office of College, Career and Technical Education,
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn (781) 338-3903
Imèl: lisa.m.harney2@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Lekòl Segondè

Jesyonè Pwogram BPS la: Marsha Inniss- Mitchell, Direktè Patenarya ak Inisyativ Apre Etid Segondè

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Lindsa McIntyre & Elia Bruggeman, Sipè-entandan Lekòl Segondè a

\$53,400 Pri Inisyal
\$62,500 Nouvo Montan
\$ 9,100 Ogmantasyon

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 841

Sit:
ACC: \$2,500
Boston Latin School: \$9,600
Brighton: \$2,500
Burke High School: \$2,500
Charlestown High School: \$7,300
East Boston High School: \$9,600
Edward M. Kennedy Health Careers Academy: \$4,800
English High School: \$2,500
Fenway High School: \$4,800
Madison Park: \$2,500
New Mission High School: \$7,300
Lòt. \$6,600

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon

Objektif opòtinite sibvansyon sa yo sible a se founi sipò siplemantè bay distri lekòl ki aktyèlman angaje yo, oswa ki enterese, pou yo aplike Plan Karyè ak Akademik Mwen (My Career and Academic Plan, MyCAP) an. MyCAP se yon pwosesis ki baze sou elèv ki fèt pou asire tout elèv yo gradye nan lekòl segondè epi pou yo prè pou karyè. Pwosesis MyCAP la egzije lekòl yo kreye yon dimansyon ak sekans pou yo aplike MyCAP. Sibvansyon sa pral founi manm ekip planfikasyon yo sipò siplemantè ki nesèsè pou yo patisipe nan devlopman pwofesyonèl ak nan reyinyon ekip ki fèt nan lè ki pa gen lekòl yo.

Priyorite:

Sibvansyon sa vize bay ekip lidèchip lekòl segondè k ap travay pou aplike MyCAP nan tout lekòl yo finansman pou yo kapab: (a) reyini avèk ekip la nan lè ki pa gen lekòl yo pou yo kapab kreye yon dimansyon ak sekans ki dire kat lane; (b) konsevwa plan aplikasyon an pou deplwaman MyCAP; epi (c) idantifye youn oswa plizyè mezi pou evalye reyisit elèv la

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

100% nan sibvansyon an sèvi pou peye alokasyon pou anplwaye ak pwofesè yo

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objektif # 1: 50% nan elèv ki nan klas 9èm ane rive klas 12èm ane yo fini aktivite My Career and Academic Plan (MyCAP) yo asiye pou yo a disi Jen 2022.

Endikatè: Rapò CR307 onivo lekòl la (Rezime Rapò Akonplisman FAFSA) ki soti nan Edwin Analytics DESE a.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25.

Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

1) APRANTISAJ AKSELERE Lekòl kalite siperyè ak salklas amizan nan tout distri a

2.1 Refòm lekòl segondè yo, ak lekòl altènatif yo (alternative school), konfòmman ak Massore, preparasyon pou karyè pwofesyonèl, ak opòtinite pou lòt kou pou prepare elèv yo pou inivèsitem karyè pwofesyonèl ak lavi.

2) AKTIVE PATENARYA Ogmante aprantisaj la odela salklas la epi konekte kominote a ak salklas la

6.3 Kowòdone òganizasyon patnè yo avèk pèsònèl lekòl la pou anrichi aprantisaj ak sèvis pandan jounen la ki gen ladan sipò pou elèv, preparasyon ak konsiltasyon pou inivèsite, doub enskripsyon, ansanm ak chimen pou preparasyon prekos pou inivèsite.

6.4 Ankouraje sansibilizasyon sou inivèsite ak karyè ansanm ak eksperyans travay nan kireye pakou ki vizib pou opòtinite nan edikasyon apre lekòl segondè, fòmasyon, komès ak opòtinite nan karyè.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22672

Non Sibvansyon: Fon Ranbousman pou Depans Administratif nan Nivo Lokal P-EBT (13-035)

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Pa konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Oktòb 2020 jiska 31 Mas 2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Robert Leshin ak Peter McLoughlin

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906

Telefòn moun k'ap ede a: (781) 338-3000

Imel moun k ap ede a: Robert.M.Leshin@mass.gov oswa Peter.D.McLoughlin@mass.gov.

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Sèvis Alimantè ak Nitrisyon (Food and Nutrition Services)

Jesyonè Pwogram BPS la: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Laura Benavidez, Direktè Jeneral

Montan Anyèl Pri a: \$82,855

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a:

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 53 000

Sit: TOUT

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Depatman Edikasyon Elemantè ak Edikasyon Segondè, Depatman Asistans Tranzisyon (DTA)

Deskripsyon Sibvansyon:

Depatman Edikasyon Elemantè ak Edikasyon Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) a te anonse gen fon ranbousman ki disponib pou depans nan nivo lekòl la ki lye ak aktivite pou sipòte EBT pou Pandemi an (P-EBT). Fon sa yo te rive disponib gras ak Lwa federal Omnibus Ane Fiskal 2021 an ansanm ak Soulajman ak Reyaksyon fas ak COVID epi yo te alouwe yo bay Depatman Agrikilte peyi Etazini (United States Department of Agriculture, USDA) an.

Yo kalkile alokasyon pou distri lekòl yo gras ak yon fòmil USDA detèmine davans ki baze sou to espesifik pou chak lekòl pa rapò ak kantite elèv yo idantifye ki elijib pou P-EBT yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Egzanp depans ranbousab ki admisib pou aplike pou fon sa gen ladan l yo salè limite pou pèsònèl, founiti, sèvis sipò (ansanm ak kontra pou anplwaye yo oswa travay ki lye ak sistèm nan ki endike klèman yon alokasyon fèt nan pwogram P-EBT a) oswa lòt depans ki asosye avèk pwogram P-EBT a. Lòt egzanp ki pi espesifik pou depans ranbousab ki admisib yo se:

- Rapò mansyèl sou modèl aprantisaj nan nivo lekòl la ak sou elèv ki elijib pou DESE yo.
- Anplwaye yo deziyen pou reponn ak demann ak kesyon paran yo.
- Koleksyon ak tretman aplikasyon pou manje nan lekòl la sitou pou detèmine elijiblite pou P-EBT.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif # 1: Pèmèt elèv yo BPS yo jwenn aksè ak fon PEBT yo pandan ane lekòl la ansanm ak opsyon pou yo jwenn mwayen pou manje maten ak manje midi pandan lekòl yo fèmèn oswa pandan yo nan mòd ibrid.

Endikatè: Pousantaj elèv k ap itilize fon PEBT yo plis pase 80%.

Objektif #2: Kolabore avèk ekip BPS yo pou asire fasilite fon PEBT yo ansanm ak kominikasyon ak Fanmi yo pèmèt tout fanmi yo jwenn fon PEBT yo pou asire elèv BPS yo gen aksè ak manje lè lekòl yo fèmèn.

Endikatè:

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman [Angajman Vizyon Estratejik 20/25](#) ak Priyorite Distri a(yo). Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Prèske 73% nan elèv BPS yo ekonomikman defavorize. Menm si repa ki apetizan e nitritif yo enpòtan pou tout elèv yo, yo sitou enpòtan pou elèv ki gen koulè, elèv ki gen revni ki ba, ansanm ak ki bezwen ki elve nou yo. Nou konnen trè byen ke anpil nan elèv nou yo ap viv nan "dezè alimantè" epi/oswa epi manje yo sèvi nan lekòl la se sèl manje yo gen chans manje chak jou nan semèn nan. Kidonk, kalite manje sa yo sitou esansyèl pou sante ak byennèt yo.

Pandan pandemi an, aksè ak manje te vin deplizanpli difisil. Kidonk, gras ak aplikasyon PEBT a, li enpòtan pou n bay elèv yo lòt mwayen pou yo jwenn manje. Yo te bay fanmi yo fon sa yo pou te kapab fè pwovizyon pou elèv yo, pou yo te kapab kontinye gen aksè ak manje.

Pwojè sa aliye avèk Angajman Estratejik BPS la pou yo kiltive konfyans. Pwiske FNS kontinye elve nòm estanda distri a pou manje yo sèvi elèv nou yo, epi li kontinye ogmante aksè pou moun jwenn bonjan nitrisyon. Etid yo montre manje nitritif yo amelyore sante ak rezilta akademik elèv yo. Misyon nou se pou n rive ogmante potansyèl aprantisaj elèv yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22554

Non Sibvansyon: Sibvansyon pou Planifye Inisyatif pou Aprantisaj Sosyo-emosyonèl nan Anviwònman Lekòl la ak Andeyò Anviwònman Lekòl la

Estat: Kontini

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Septanm 2021 – 31 Out 2024 (2 lane finansman)

Sous Finansman: Prive

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Polly Sing

Fondasyon Wallace

Telefòn: 212-251-9824

Imèl: psingh@wallacefoundation.org

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Sante ak Byenèt (Office of Health and Wellness)

Jesyonè Fon BPS: Ali Ettis, Jesyonè Pwojè Sibvansyon an

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Jill Carter, Sipè-entandan Adjwen

Montan Anyèl Pri a : \$437,500.00

Montan Total Rekonpans lan: ~\$6,500,000 pandan 6 lane

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 7 Lekòl pilòt ak 7 Lekòl konparab, anviwon 6, 000 pandan 6 lane yo. Edikatè sipleman yo ansanm ak anplwaye biwo santral yo pral benefisye de devlopman pwofesyonèl nan tout Distri a ak nan biwo santral la.

Sit: ~14 sit nan tout distri a

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Boston After School and Beyond

Deskripsyon Sibvansyon

Lekòl Piblik Boston yo (*BPS*) ak Boston Afterschool & Beyond (*BASB*) swete entegre yon fason transparan aprantisaj sosyo-emosyonèl (*SEL*) ak byennèt nan tout anviwònman an, ni nan lekòl ni nan lè ki pa gen lekòl (*OST*) pou tout elèv BPS yo. Apwòch nou an ranfòse kapasite granmoun nan plizyè domèn pou dispanse yon ansèyman SEL ki efikas, epi pou kreye divès anviwònman aprantisaj SEL ki ankourajan. Sa sipòte vizyon komen nou an: chak etidyan nan Boston pral reyalize tout potansyèl yo avèk anpil opòtinite pou yo devlope kapasite yo genyen pou yo kwè nan tèt yo, pou yo kapab kritike, fòme relasyon ki konstruktif ak pran desizyon antanke moun ki responsab.

N ap antame 5yèm ane nou nan Inisyativ pou Patenarya nan Aprantisaj Sosyo-emosyonèl la.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peve

BPS & BASB te resevwa \$850,000 pandan peryòd 1ye Septanm 2021 – 31 Out 2024 jan sa endike nan akò sibvansyon an. BPS pral kenbe \$437,500.00 nan montan sa a. Fon yo rapòte nan Ane Fiskal 2021 an pral alimante tou bidjè BPS pou Ane Fiskal 2022 a.

Pèsonèl: ~82% nan sibvansyon an pral sèvi pou anboche anlwaye ki konsakre yo pou yo fè travay la avanse ak pou yo sipòte lekòl yo ki nan alafwa kan lekòl pilòt ak kan lekòl konparab yo pou PSELI a.

Materyèl Pedagogik: ~11% nan sibvansyon an pral sèvi pou kouvri lekòl nan Inisyativ pou Patenarya nan Aprantisaj Sosyo-emosyonèl k ap patisipe nan sibvansyon an.

Anlwaye Lekòl yo, Alokasyon: ~2% nan sibvansyon an pral sèvi pou kouvri alokasyon pou pwofesè ak anlwaye nan lekòl yo pou yo patisipe nan fòmasyon, reyinyon ak atalye pou yo kapab fè travay la avanse.

kominikasyon: ~2% nan sibvansyon an pral sèvi pou kouvri kominikasyon pou SEL pou inisyativ PSELI la ak pou sipòte SEL tou nan tout Distri a.

Depans Endirèk: 2,73%

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Revalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif 1: Disi Out 2024, elèv ansanm ak adilt ki patisipe nan PSELI yo pral gentan amelyore kompetans aprantisaj sosyal ak emosyonèl yo, pandan y ap devlope kapasite entwisyon yo pou yo itilize kompetans entra-pèsonèl, entè-pèsonèl ansanm ak kompetans ki aplike nan lavi kotidyen yo ni nan lekòl la ni andeyò lekòl la. Anviwon 2,000 elèv ki pral patisipe nan pwojè Pilòt la pral kapab itilize kompetans yo nan domèn konsyans pèsonèl, jesyon pèsonèl, konsyans sosyal, kompetans relasyon, ansanm ak priz desizyon nan divès anviwònman, ni nan lè ki gen lekòl ni nan lè ki pa gen lekòl, pandan y ap sipòte relasyon ki bon pou sante.

Endikatè:

- % nan lekòl ki resevwa yon meni konplè ki gen resous SEL yo disi Out 2024 la, gen ladan yo yon pwogram etid ki rihoire ki konfòm ak pratik ki dirab ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik yo, aksè ak fòmasyon ansanm ak devlopman pwofesyonèl.
- % ogmantasyon nan done SELWeb elèv yo nan chak grenn nan domèn SEL yo (sèlman jiska 2020).
- % ogmantasyon nan domèn SEL ki sondaj pou pwofesè yo
- Done obsèvasyon sit lekòl RAND yo montre evidans aprantisaj elèv ak adilt yo nan SEL.

Objektif 2: Disi Out 2024, Distri Lekòl Piblik Boston yo pral elabore yon plan pou distri a pou SEL Transfòmasyon ki aplike estrateji ansanm ak aprantisaj kle ki soti nan PSELI ansanm ak lòt inisyativ ak pwogram SEL yo. Pandan n ap idantifye ak eksplwate pwèn fò ak domèn kwasans distri a, nou pral kreye yon vizyon, langaj ak pratik transfòmasyon pataje defason entansyonèl ki pral mobilize yon apwòch ki kowòdone, sistematik epi ki dirab ki pral amelyore SEL elèv ak adilt yo.

Endikatè:

- Kreyasyon Komite Pilotaj SEL la
- Evalyasyon eta aktyèl pwogram SEL yo fin fèt
- Vizyon, misyon, ansanm ak prensip SEL yo fin etabli
- Plan entè-depatmantal pou aplikasyon domèn priyorite SEL yo fin etabli
- Elaborasyon ak aplikasyon plan kominikasyon
- Devlopman ak eksperimentasyon sipò ak zouti nan lekòl la

Objektif #3- Disi 2024 BPS ansanm ak BASB pral gentan devlope yon patenarya ki baze sou pwèn fò pou yo kapab edike ak sipòte lekòl yo ansanm ak pwogram OST yo nan aliyman yo nan jesyon nivo sit la pou yo sipòte pratik SEL yo nan divès lekòl, nan divès pwogram OST, ak nan divès anviwònman lekòl OST. Disi 2023, distri a pral gen aksè ak yon meni pwogram kolaboratif ki gen ladan yo pratik SEL yo epi yo fèt pou sipòte bezwen endividyèl elèv nou yo.

Endikatè:

- Kolaboratè nan BPS ak Pwogram OST devlope meyè pratik ak resous yo pou sipòte aplikasyon SEL ni nan lè ki gen lekòl ni nan lè ki pa gen lekòl.
- Yon meni ki gen patnè ki te swiv fòmasyon nan kad pratik SEL yo aksesib pou responsab lekòl yo.

Pwosesis pou Seleksyon Sit:

Yo te seleksyone lekòl yo atravè yon pwosesis ki te rekrute yon seri lekòl pou patisipe nan etid rechèch PSELI a. Yo te koresponn lekòl yo pa rapò ak gwosè yo, done demografik, konfigirasyon klas ansanm ak lòt karakteristik epi yo asiyen yo defason owaza ak gwoup Faz 1, Entèvansyon, ak Faz 2, entèvansyon retade yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS22658

Non Sibvansyon: Sibvansyon an Patenarya pou Aprantisaj Adistans soti Pre-k rive Klas 3yèm Ane

Estat: Renouvèlman

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 22 Fevriye 2021 jiska 30 Jen 2022

Sous Finansman: Eta, Biwo Egzekitif pou Edikasyon

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Non Kontak la: Blair Brown, chèf kabinè Biwo Egzekitif pou Edikasyon an
Adrès: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02418
Telefòn: (781)338-6885
Imèl: blair.brown@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman pou Preparasyon Anfans

Jesyonè Pwogram BPS la: Jason Sachs, Direktè Jeneral

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: pa aplikab

Montan Anyèl Pri a: \$81,680

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): pa aplikab

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 2,500 elèv nan Klas Matènèl rive Klas 2yèm Ane

Sit:

Pwogram Summer Early Focus la desèvi elèv yo nan 4 sit BPS (West Zone ELC, Ellison Parks EES, East Boston EEC, Orchard Gardens) yo seleksyone pou desèvi katye ki plis defavorize yo pou popilasyon elèv ki nan klas K0/K1 jiska Klas 2yèm Ane yo ansanm ak salklas yo nan 18 pwogram ki nan 5yèm Quarter Portfolio Early Childhood la ki aplike pou itilize pwogram etid Focus la (Dudley Street Neighborhood Charter School SLA, Surround-Care Coalition (SCC) Summer Learning Academy, Grew Summer Learning, Hayes Early Education Center SLA, Horizons Greater Boston nan Mattahunt Elementary, Josiah Quincy Elementary Summer Learning Academy, YMCA Ashley Street SLA, YMCA Dorchester SLA, YMCA nan Gardner Pilot Academy SLA, YMCA Huntington Avenue SLA, YMCA Mendell Kennedy SLA, YMCA Menino SLA, YMCA Oak Square SLA, YMCA Parkway SLA, YMCA Roxbury SLA, YMCA nan Umana Middle School SLA, YMCA Wang SLA, YMCA Washington Beech SLA)

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: pa aplikab

Deskripsyon Sibvansyon

Tanpri, fè yon deskripsyon wo nivo ki gen ant 2 a 3 fraz sou sibvansyon sa a.

Sibvansyon an pral pèmèt yo founi materyèl pandan ete pou elèv ki nan klas K0/K1 rive klas 2yèm ane pandan ete 2022 a epi yo prevwa li pral desèvis anviwon 2,500 elèv k ap itilize pwogram etid Early Focus pandan Eta a. Yo repati elèv yo desèvi yo nan twa pwogram, pwogram BPS Summer Early Focus yo ansanm ak pwogram 5th Quarter Portfolio yo. Materyèl yo aliyen ak pwogram etid Early Focus pandan Eta a epi yo asire tout elèv yo kapab patisipe konplètman nan aprantisaj pandan ete a.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Tanpri, fè yon deskripsyon sou eleman prensipal sibvansyon sa pral peye yo.

~100% nan sibvansyon an pral alouwe pou materyèl pou pwofesè ak elèv pou pwogram Early Childhood pandan ete yo

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantre sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

Objektif # 1: Ankouraje sante ak byennèt elèv yo: reponn ak bezwen sosyo-emosyonèl elèv yo epi ogmante efikasite elèv yo nan devlope kapasite ak konpetans yo nan domèn rezonman kritik, kreyativite, konsyans sosyal ak relasyon, travay ann ekip ak oto-regilasyon. Prete bonjan atansyon ak nenpòt bezwen sosyo-emosyonèl adisyonèl elèv yo ta vin genyen akoz pandemi an.

Endikatè: Evalyasyon avan ak evalyasyon apre

Objektif #2: Ranfòse efikasite patenarya ant lekòl-fanmi/kominote a: evalye bezwen ak anviwònman aprantisaj fanmi yo epi itilize enfòmasyon sa yo pou stimile kolaborasyon ak kominikasyon avèk fanmi yo, atravè aktivite angajman famiyal ki enklizif, respwòk, konpreyansib epi ki itil.

Endikatè: a. Kontwòl endividyèl avèk fanmi sou travay elèv la chak 3 jou atravè telefòn, zoom, google meet. b. Rapò pwogrè nan mitan pwogram nan yo voye ba w fanmi yo nan lang yo prefere. c. Lye Seeswa avèk fanmi yo.

Objektif #3: Diminye sou pèt reyisit akademik elèv yo epi trete aprantisaj ki pa fini yo pandan ane lekòl 2021-2022 a atravè yon seri aktivite ki baze sou pwojè ki aliyen ak pwogram etid Early Focus pandan Eta a.

Endikatè: Rezilta evalyasyon avan ak evalyasyon apre yo nan Matematik ak ELA.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Pwogram Early Focus pandan Ete a se youn nan sèvis prensipal depatman Early Childhood pou elèv ki plis vilnerab nan Vil Boston yo epi li aliyen ak inisyativ estratejik depatman an pou pwogram etid, devlopman pwofesyonèl ansanm ak ekspansyon inivèsèl pou PreK ki nan priyorite Distri ki vini annapre yo:

02 APRANTISAJ AKSELERE Lekòl kalite siperyè ak salklas amizan nan tout distri a

2.4 Aplike konplètman pwogram pre-matènèl inivèsèl la

2.5 Aplike atant aprantisaj elemantè ak yon pwogram etid ki rigoure epi ki konsistan

2.8 Aplike yon plan devlopman pwofesyonèl ki konplènan tout distri a

03 FÈ TOUT VWA PASE Priz desizyon pataje, patenarya ak responsablite mityèl.

3.7 Angaje fanmi yo ak kominote yo pou konprann divès bezwen

06 AKTIVE PATENARYA Ogmante aprantisaj la odela salklas la epi konekte kominote a ak salklas la

6.2 Kolabore avèk òganizasyon asosye yo

6.5 Angaje patnè kle yo nan priz desizyon yo

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22680

Non Sibvansyon: Sibvansyon Distri MCIEA

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/03/2022-30/08/2022

Sous Finansman: Prive

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an:

Kontakte [Dawn Shearer-Coren](#)

Adrès 33 Harrison Avenue, 6th fl. Boston, MA 02111

Telefòn: 617-817-1508

Imèl: dshearer-coren@ccebos.org

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Done ak Responsablite

Jesyonè Pwogram BPS la: Sarah Jay, Direktè Evalyasyon ak Aksyon Estratejik

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Monica Hogan, Direktè Jeneral, Biwo Done ak Responsablite

Montan Anyèl Pri a : jiska \$25,000

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$25,000

Opsyon pou Repò a: NON

Apwoksimasyon sou kantite elèv yo desèvi: Enpak imedyà ~500 elèv, enpak alontèm, 51,000 elèv

Sit: Nan Tout Distri a

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: MCIEA Consortium, Center for Collaborative Education

Deskripsyon Sibvansyon:

Objektif CCE MCIEA:

- **Fè plis vwa pase epi devlope apatenans pou MCIEA:** Konsyan, konpreyansyon ak angajman ki ogmante pou travay tout kon-sitwayen yo: Distri, Lekòl, Fanmi, Kominote, Lejislati, elatriye.
- **Devlope Kapasite:** Ogmante kapasite tout aksyonè yo: anplwaye, lidè, pwofesè, direktè, elatriye.

- **Kwasans Pèsonèl ak Akademik ki Ogmante** Kwasans ogmante ki baze sou objektif distri ak lekòl yo pou MCIEA)

Estrateji MCIEA pou Ane Fiskal 2022 a:

- Nou pral itilize sibvansyon pou distri a kòm veyikil pou estimile, dokimante ak rakonte Istwa MCIEA a.
- Sibvansyon MCIEA yo pral ede detèmine anplwaye ak wòl ak responsablite yo pou Ane Fiskal 2022 a
- Nou pral kreye yon nouvo modèl antrènman/sipò ki baze sou bezwen sibvansyon distri a
- Nou pral itilize rechèch kòm veyikil pou n dokimante travay MCIEA a: Vwa ak Apatenans, Devlopman Kapasite, elatriye.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Pwojete: Kreye epi Aplike yon kou ki baze sou Kredi Echèl Akademik (Academic Ladder Credit):

- Rekrute ekip pwofesè ak kreyatè ki gen eksperyans nan evalyasyon pèfòmans pou konstwi pwoche faz plan evalyasyon pèfòmans lan
- Sou baz aprantisaj ane avan an, devlope yon pakou pou adopte yon evalyasyon pèfòmans nan tout ditri a nan devlope kapasite pwofesè yo pou yo kapab elabore evalyasyon pèfòmans kalite siperyè ki ankouraje konsyans krtik ak devlopman konpetans nivo klas la.
 - Lye ak Konsantrasyon Pedagojik Distri a: Alfabetizasyon ekitab
- Kontinye konsevwa, aplike ak anrejistre done soyu evalyasyon pèfòmans, pandan w ap rafine pou kolekte done sou evalyasyon pèfòmans yo ansanm ak pwosesis pou kolekte tach kalite siperyè yo nan Illuminate.
- Kòmanse devlope yon kad pwofesè-animatè pou mennen aktivite pou devlope kapasite evalyasyon pèfòmans nan tout distri a.

Bidjè:

- **Animasyon 1ye Seyans Devlopman Pwofesyonèl (PD)= \$310** nan travay la. Sa se 6 èdtan nan tarif BTU (\$51.74), pandan w ap sipoze preparasyon, analiz ak revizyon materyèl, tan animasyon ak refleksyon.
- **Devlopman zouti/resous distri a=\$520** travay. Se 10 èdtan travay nan tarif BTU, epi li asime plizyè moun ap travay sou zouti a: redaksyon/ekspresyon, rechèch, kòmantè, analiz, revizyon, piblikasyon.
- **Devlopman kou PD distri a=1 034\$** travay. Sa se 20 èdtan epi li asime kolaborasyon, ansanm ak redaksyon plan, rechèch, devlopman, kòmantè, revizyon, revizyon, piblikasyon.

6 Pwofesè k ap devlope kou: $6 \times \$1,034 = 6,204$

4 pwofesè k ap aplike kou: $4 \times 12 \times \$310 = 14,880$

Total: \$21,084

Fon siplemantè, jiska \$25,000, pou yo itilize pou bay pwofesè k ap patisipe yo alokasyon nan travay MCIEA nan diferan distri.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantrè sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

EGZANP:

Objektif # 1: Disi 31 Desanm 2021, 40% nan elèv k ap patisipe nan salklas yo pral demontre yo konpetans sou nòm yo evalue pou ELA yo, pa rapò ak yon mwayen 16% elèv ki demontre yo gen kapasite sou BPS ELA Enterim 1.

Endikatè: Rezilta Evalyasyon Pèfòmans

Objektif #2: Disi 31 Desanm 2022, pwofesè k ap patisipe yo pral rapòte yon ogmantasyon 30% nan pèsèpsyon pèsònèl sou alfabetizasyon evalyasyon ak konsepsyon evalyasyon ki efikas.

Endikatè: Sondaj avan ak apre pou patisipan.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25.

1.6 Devlope ak kontwole pwogrè ki fèt pou rive atenn objektif eksplisit pou lekòl ak biwo santral konsènan aplikasyon estrateji pou elimine lakin nan opòtinite ak reyisit (sitou pou Aprenan Anglè ak elèv ki gen andikap yo) epi biwo santral la pral responsab pou kontwole pwogrè ak pou l founi sipò - nan itilize Tablewonn sou Ekite nan lekòl ak nan distri a kòm yon estrikti pou responsablite pataje ak rezolisyon pwoblèm.

2.3 Founi yon pwogram etid ak ansèyman rigoure ki garanti ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik ki gen ladan opòtinite aprantisaj nan domèn atizinal, syans, alfabetizasyon, lang mondyal, edikasyon fizik, edikasyon sou sante, ak edikasyon sivik, aksè nan pwogram espòtif ak teknoloji, epi entegre byennèt elèv yo konplètman nan eksperyans edikatif la.

2.5 Aplike divès atant ak pwogram etid elemantè ki rigoure e konsistan pou prepare tout elèv yo pou lekòl segondè, ki gen ladan yo pwogram nan domèn syans ak matematik.